Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

Вестник
# Чапар
Казбек районалъул газета

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 34 (9828) 2 сентябрь 2019 с. / Итни 1 Мух1аррам 1441 с./ багъа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru




Первый день месяца Мухаррам знаменует начало Нового года. Мухаррам, месяц поклонения, один из четырех месяцев в году, в течение которых Аллах особо запретил конфликты, войны и кровную месть. Поздравляем жителей района с месяцем Мухаррам. Желаем благополучия, крепкого здоровья, счастья и успехов в добрых делах.

Мира и милости Всевышнего вам, да вознаградит Всевышний нас всех благами обоих миров!

**Глава МР «Казбековский район» Г.Г. МУСАЕВ.**
**Председатель Собрания депутатов Г.М. ГИРИСХАНОВ.**

## Х1урматиял районцоял!

Мух1аррам моц1 ккола жинда жаниб рагъ х1арам гьабураб, Къур аналъ, х1адисаз жиндир хиралъи бицарал моц1азул цояблъун.

Мух1аррамалъул Г1ашура къоялъги (гьелъул анц1абилеб къо), мугь бан, гьеб садакъаялъе бикьи, сайгъатал кьейи, гьуинаб квен гьаби, мискин – ятимазе садакъа бикьи суннатаб буго. Рак1 – рак1алъ баркула диналъул вацаздагун яцазда т1аде щвараб 1441 сон.

Батаги гьаб сон нилъ т1олазего Аллагьасул рахъалдасан рах1 матал рещт1унеблъун ва нилъер мунагьал чурулеблъун.

**Районалъул имамзабазул Советалъул председатель**
**Ш. ТЕМИРБУЛАТОВ.**

*Политика*

## Райадминистрациялда

27 августалда райадминистрациялда т1обит1ана активалъул иргадулаб данделъи.

Гьелъул халгьабиялде босараб **«2019-2020 ц1алул соналде х1адурлъи»** абураб суалгун к1алъазе вахъана лъайкьеялъул Управлениялъул начальник М-расул Мах1амаев.



Гьенире г1ахьаллъана-**«Казбек район»** муниципалияб г1уц1иялъул бет1ер Х1.Х1.Мусаев, гьесул заместителал: И.И.Шабазов, И.Б.Салимханов, росабазул администрациябазул бут1рул ва цогидалги жавабиял х1алт1ухъаби.

1999 соналъ Дагъистаналде т1аде к1анц1арал гъачагъал щущахъ риххизаруралдаса 20 сон т1убаялъул юбилей к1одо гьабиялда (7сентябралда) т1орит1изе ругел тадбиразде х1адурлъиялъул х1акъалъулъ гьениб бицен гьабуна И.Б.Салимхановас.

Гьединго, гьенир рича-чвана районалъул социалиябгун экономикияб рахъал цебе т1езабиялда хурхарал цогидал к1вар ц1ик1к1арал суалалги.

## Республиканский форум в нашем районе




23 августа в администрации нашего района состоялся республиканский Форум, посвященный празднованию 20-летнего юбилея разгрома международных террористов, вторгшихся в 1999 году в РД.

Инициатором данного мероприятия было министерство по национальной политике и делам религий РД, организатором -администрация нашего района, совместно с Дагестанской региональной общественной организацией «Союз женщин Дагестана».

На мероприятии присутствовали:-первый заместитель министра по национальной политике и делам религий РД Гарун Давыдов, председатель ДРОО **«Совет женщин Дагестана»** Интизар Мамутаева, начальник отдела Миннаца РД Хасайбат Валиева, глава района Гаджимурад Мусаев, председатель Совета имамов района Шамиль Темирбулатов, а также ополченки Новолакского, Казбековского, Ногайского, Тарумовского, Хасавюртовского, Бабаюртовского и Кизлярского районов, городов: Хасавюрт, Кизляр и Южно-Сухокумск.

С приветственным словом к участникам обратился глава района Гаджимурад Мусаев. Он сказал: **«Когда наступают трудные времена, женщины становятся бок о бок с мужчинами, так было всегда — начиная со времен Имама Шамиля и до наших дней. В 1999 году, когда международные террористы вторглись на территорию РД, наши женщины проявили себя наилучшим образом, за что им огромная народная благодарность».**



В свою очередь, Гарун Давыдов обозначил решение проблемы консолидации, усиление роли общественных организаций в деле обеспечения общественно-политической стабильности в РД, а также нравственного воспитания молодежи, сохранения культурного наследия Дагестана, укрепления межнационального и межконфессионального согласия.

Собравшимся был продемонстрирован документальный фильм, подготовленный администрацией района о событиях августа-сентября 1999 года и кадры хроники ополчения, работниками районной библиотеки были оформлены тематические стенды о событиях тех дней.

Выступление И.Мамутаевой никого не оставило равнодушным. Она рассказала о некоторых событиях тех дней и судьбах жен и детей погибших в те дни героев.

С докладами о работах женсоветов в своих районах и городах выступили: Пата Айтемирова, Султанат Цунтаева(Новолак), Галина Ковальская(Кизляр), Асият Арсланханова (Хасавюрт) и Алла Чебанько (Тарумовск).

Также на мероприятии выступили: Полина Халилова (связистка, кавалер ордена мужества, Новолак и Эльмира Кожаева (в то время корреспондент газеты **«Молодежь Дагестана»**).

В рамках форума состоялись награждения Почетными знаками и Почетными грамотами Министерства по национальной политике и делам религий РД, а также юбилейными медалями **«25 лет Совету женщин РД»**.

**Асият ДИБИРОВА.**

*Ополчениялъе - 20 сон*

### Юбилеялъул х1урматалда

Ц1ализе бегьула - 2 гьум.

*Р. Х1амзатов гьавуралдаса - 96 сон*

### Расулил х1акъалъулъ рак1алдещвеял

Ц1ализе бегьула - 5 гьум.

*Дин ва г1умру*

### Хварав чи чуриялъул баян

Ц1ализе бегьула - 6 гьум.

**Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,**

# Муг1алимзабазул августалъулаб конференция



Г1адатлъун батухъе, щибаб соналъул августалда т1обит1ула муг1алимзабазул лъаг1алил х1алт1ул х1асилал гьариялъул данделъи.

Гьединаблъун бук1ана 21 августалда культураялъул Централда т1обит1арабги. Централъул фойе къач1ан бук1ана районалъул искусствоялъул школалъул ц1алдохъабаз х1адур гьарурал бат1и-бат1иял т1аг1елаз г1уц1араб выставкаялъ. Бихьулеб бук1ана гьелъ гьалбазе гьабулеб к1удияб асар. Конференциялда г1ахьаллъана - райадминистрациялъул бет1ерасул заместителал: И.И.Шабазов, И.Б.Салимханов, депутатазул Собраниялъул председатель Гъ.М.Гьирисханов, районалъул лъайкьеялъул х1алт1ухъабазул профсоюзалъулаб г1уц1иялъул председатель М-А.И.Дадаев, РОВДялъул начальник Г1.Х1.Халидов, бат1и-бат1иял г1уц1абазе нухмалъулел ва гь.ц. Данделъи байбихьана Дилим росдал гимназиялъул ц1алдохъабазул церерахъиназдалъун. Гьез рик1к1ана ва ах1ана муг1алимзабазде рахъарал куч1дул.

И.И.Шабазовас муг1алимзабазда баркана т1аде щолеб ц1ияб ц1алул сон, гьарана гьезие сахлъи, рохел, талих1 ва г1олеб г1елалъе лъайгун тарбия кьеялъулъ ч1ах1иял бергьенлъаби. Жиндирго к1алъаялда гьес бицана районалъул школазда ц1алул соналде гьабураб х1адурлъиялъул. Хадув к1алъазе вахъана РУОялъул начальник М-р.И.Мах1амаев.

Баркиялъул раг1абаздаса хадуб, гьес абуна: «**Гьаб данделъи ккола районалъул муг1алимзабаз араб ц1алул соналъ гьабураб х1алт1ул х1исабкьейлъун, гьай-гьай, гьеб к1вар ц1ик1к1араб тадбирлъунги ккола. Щай абуни, гьеб буго нилъер зах1маталъул роцен бихьизабулеб тарихлъун. Нилъеда т1адаб буго ц1алдохъабазул лъай борхизабиялда т1ад жеги лъик1 х1алт1изе. Гьеб нилъедаса т1алаб гьабулеб буго Россиялъул лъайкьеялъул Министерствоялъги. Гьаб ц1алул соналъ районалъул школазул партабазда нахъа г1одов ч1езе вуго 6150 ц1алдохъан, гьездасан- байбихьул классазда 750 ц1алдохъан. 2019-2020 ц1алул соналъ школалда х1алт1изе вуго 879 муг1алим. Лъималазул ахазде рач1ине руго 2266 лъимер**»,-ан. Гьединго, гьес бицана экзаменазда 9 ва 11 классазул ц1алдохъабаз рихьизарурал х1асилазул. Рехсана лъик1ал къиматазда гьел къурал г1алдохъабиги медалисталги. Жиде-жидер школазда ц1алдохъабаз росарал бергьенлъабазул, коллективаз гьарурал ва жеги гьаризе ругел х1алт1абазул бицун к1алъазе рахъана- М.А.Гъазимух1амадов (директор ДСОШ), Х.Н.Аскендирова (директор ЛСШ №1).

Гьединго, докладалда т1асан к1алъаял гьаруна- М-а.Дадаевас, ИМЦялъул методист Д. Г1абдулах1итовалъ.

Х1алт1улъ лъик1ал х1асилал рихьизарурал муг1алимзаби гьенир к1одо гьаруна - райадминистрациялъул, РУОялъул ва профсоюзалъул Х1урматалъул грамотабаздалъун.

**Х1.КАРИМОВА.**

*Ниж терроризмалде данде*

# АТКялъул данделъиялда...



29 августалда райадминистрациялда т1обит1ана терроризмалъул идеологиялда данде къеркьеялъе г1уц1араб комиссиялъул иргадулаб данделъи.

- Рехсеч1ого г1оларо, Х1.Х1. Мусаевасул бет1ерлъиялда, гьеб комиссиялъ, хасаб планалда рекъон, гьоркьобкъот1и гьеч1еб х1алт1и гьабулеб бук1ин терроризмалъул идеологиа районалда т1ибит1унгут1иялда сверухъ. Районалъул киналниги идарабазул жавабиял х1алт1ухъаби гьоркьореги ц1ан, комиссиялъ хал гьабула гьеб къеркьеялда хурхарал т1олалго рахъазул. Рак1ч1ун, абизе бегьула комиссиялъ гьабулеб х1алт1ул лъик1аб х1асиллъун кколин ахириял соназ районалда г1одоцараб ах1вал – х1ал бук1инан.

Гьале, рехсараб данделъиялъул хал гьабиялдеги росун рук1ана – терроризмалдегун экстремизмалде данде къеркьеялъе г1олилазул г1уц1абаз гьабулеб х1алт1ул, къеркьеялъе г1уц1араб план росабалъ бет1ералде бахъинабиялъул, 1 ва 8 сентябралда жамг1ияб х1инкъигьеч1олъи бук1инабиялъул, рахъ – рахъаздаса законалъ изну кьеч1ел г1адамал районалде рач1ине гьукъиялъул, терроризмалъул х1инкъи бук1иналъул бат1и-бат1иял даражабазда гьаризесен тадбиразул план къабул гьабиялъул ва АТКялъул х1укмаби Дагъистаналдагун районалда т1ураялъул суалал.

Рехсарал суалазда т1асан г1ат1идал к1алъаял гьаруна – И. Булатхановас, Гуни ва Гертма росабазул администрациябазул бут1рул: И. Ильясовас ва З. Чалуховас, ОМВДялъул начальник Г1. Халидовас, ОМВДялъул начальникасасул заместитель С. Х1усеновас ва И. Б. Салимхановас.

Данделъиялъул хал гьабиялде росарал киналниги суалал рича чвана ва гьаруна рекъон кколел х1укмаби.

**М.-Ш. Г1АБДУЛАШИМОВ.**

***Ополчениялъе - 20 сон***

# Юбилеялъул х1урматалда

Дилим росдал администрациялъул ва депутатазул Собраниялъул х1укмуялда рекъон, райадминистрациялъул ва полициялъул минабазда гьоркьоб бугеб къват1алъе къуна «***Ополчениялъе -20 сон***» абураб ц1ар.



Гьенир г1ахьаллъана – «***Казбек район***» муниципалияб г1уц1иялъул бет1ерасул заместителал: И.И.Шабазов, И.Б.Салимханов, З.Н.Эмеев, жавабиял х1алт1ухъаби, гьалбал: вацал Салимгереевал, Ю.Салимханов ва жамаг1аталъул вакилзаби.

К1алъазе рахъарал – Дилим росдал администрациялъул бет1ер И.Мух1амадовас, И.Салимхановас, Р.Г1исаевас, З.Абакаровалъ гьениб бицана 1999 соналъул дол х1алуцарал къояз, изну гьеч1ого, яргъидг1уц1арал ва халкъалдагьоркьосел гъачагъал т1аде к1анц1араб заманалда нилъер ополченцазул отрядал г1уц1иялъул, гьез бихьизабураб гъункиялъул ва бах1арчилъиялъул.



Гьеб тадбиралдаса хадуб «**Аних**» участокалда юбилеялъул х1урматалда т1обит1араб данделъиялда к1алъаял гьаруна: Ю.Салимхановас, И.Мух1амадовас, З.Абакаровалъ, Д.Эмеевас ва Х1.Адимирзаевас.

К1алъаяздаса хадур гьенир т1орит1ана велосипедалда рек1ун иналъул, кверал ригьизариялъул, ч1орбут1алъ, тунк1ица (ПВ) г1ужде реч1иялъулгун кьвагьиялъул ва гамач1 рехиялъул къецал.

Гьоркьехун рехсолел руго гьел къецазда призерлллъун рахъарал.

1. <u>**Велосипедалда рек1ун ин**</u>. **1.** М.Аштаев, **2.** Г1.Муртазг1алиев, **3.** Х1.-р.Батиров, **4.** Гь.Агъалханов ва **5.** М.Усаматов.
2. <u>**Кверал рагьизари**</u>. **1.** Х.Темирбулатов, **2.** Н.-х1.Х1апизов ва **3.** Ш.Мутуев
3. <u>**Г1ужде кьвагьи (ПВ туманк1).**</u> **1.** З.Булатханов, **2.** Р.Саг1идов ва **3.** Г1.Гереев
4. <u>**Ч1орбут1 реч1и**</u>. **1.** Р.Лат1ипов, **2.** Г1.Атавх1ажиев ва **3.** Х1.Мух1амадов
5. <u>**Гамач1 рехи.**</u> **1.** Д.Мах1амаев, **2.** Х1.Х1асанов ва **3.** Ш.Расулов

Призазулал бак1ал ккуразе гьенир кьуна кубокал ва г1арцулал шапакъатал.

Тадбир г1уц1иялъе квербакъана Дилим росдал администрациялъ ва жамг1иял церехъабаз.

# «Шагьаралъул санаг1атаб шарт1» проекталда рекъон,..

Нилъер районалда «**Шагьаралъул санаг1атаб шарт1**» миллияб проект (2019-2024 с.с.) бет1ералде бахъинабиялда т1ад х1алт1аби гьаризе байбихьана. Рехсараб проекталъул байбихьилъун ккола –Дилим росдал С.-С. Казбековасул ц1аралда бугеб паркалда, Ц1арлъаларев рагъухъанасул, Советияб власталъе г1оло къеркьаразул памятниказда ва аслияб байданалда гьарулел х1алт1аби.

Миллияб проекталъе гьаб соналъ биччан буго **10** млн. **686** азаралда **360** гъур. (федералияб бюджеталдаса -**10** млн. **75** азаралда **590** гъур., республикаялъулалдаса – **101** азаралда **770** гъур. ва бак1алъулалдаса -**509 000** гъур.). Рехсарал х1алт1аби гьариялъе киналниги кагътал, проектал ва гь.ц. х1адурун руго. Т1обит1араб аукционалъул х1асилалда, гьел х1алт1аби гьарулел руго – «**Стройидустрия**», «**Гранд**», «**Ими**» ООяз ва, т1адбан, унеб буго гьел объектазда гьабулеб х1алт1и.

**Эсенай ИДРИСОВ, Дилим росу.**

*Р.Хlамзатов гьавуралдаса – 96 сон*

# Расулил х1акъалъулъ рак1алдещвеял



Р.Х1амзатов вук1уна Москваялъул больницаялда. Гьесухъе щвезе ра-ч1уна- шаг1ир Г1умархlажи Шахтаманов ва Расулил вакьадвас Юсупов. Гьез бач1араб цебеги лъун, Расул уна аск1об бук1араб палаталъуве. Гьенив вук1уна г1емерал соназ СССРалъул къват1исел ишазул министрлъун х1ал-т1арав В.М.Молотов. Расулица гьев ах1ула цадахъ квана-гьекъезе. Г1одор-ч1еялда гьес В.Молотовасда абула тост абеян. Г1езег1анго раг1абиги абун, Молотовас т1аде жубала: **«Расул, миллиял шаг1ирзабазда гьоркьов цо мун вуго дица х1урмат гьабулев шаг1ир»**, -ан.

Тост абизе раг1и кьурав Расулицаги абула: **«Вячеслав Михайлович, партиялде данде ч1араб группаялда гьоркьов цо мун вук1ана дица х1урмат гьабулевлъун»**, -ан. Гьел Расулил раг1абаздаса хадуб, Шахтамановасулги Юсуповасулги бокалал кодоса рортизе дагьалъ хут1ула. В.Молотов, баркалацин загьир гьабич1ого, гьениса нахъе уна. К1иявго гьалмагъ лъугьуна Расулида бадич1ваял гьаризе. Расулица абула: **«Гьудулзаби, миллат бат1иял шаг1ирзабазда гьоркьов гурони дос дун рехсеч1о, гьес абуралда рекъараб бук1ана дир жавабги»**, -ян.

Москваялъул цо къот1носан унев Расулида милициялъул сержантас абула: **«Гражданин, дуца гьаниб авария ккезабизе дагьалъ хут1ана. Дуца штраф кьезе ккола»**, -ян. Расулица «Наливай», - ан абула. Гьез цоцазде абулеб цо чанго нухалъ такрарлъула. Гьедин гьел рук1аго, г1езег1ан заман уна. Цоцазда рич1ч1унеб гьеч1еблъиги лъан, милиционерас гьев начальникасухъе вачуна. Ккара-тарабги бицун, милиционер нахъе уна. Начальникасда Расул лъала ва гьес Расулида ккаралъул ц1ех-рех гьабула. Расулица бицуна: **«Дагъисталда буго г1адат, г1одорч1еялде кват1ани, закускаги кьеч1ого, «штрафной», -анги абун, г1аркьил ц1ураб стакан гьекъезабулеб.**

**Дур х1алт1ухъанас «штраф», -ан абидал, дицаги досда «наливай», -ан абуна**», -ян. Гьеб Расулил бицен начальникасе ц1акъ рек1ее г1ола ва, жиндирго шоферги ах1ун, Расул х1ажаталъуве щвезавизе машина бит1ула.

Дир гьудуллъун вук1арав чачанас бицана жив г1емер хьвадулаанин бича-хисиялъе къайи-ц1а босизе. Гьений х1алт1улей г1ададалда жинца абунин щиб сайгъат дуе бач1инебан. Гьелъ жаваб гьабунин жиндир базаялдаса къайи-ц1а баччулев дуца жиндие щиб бач1инебан. Т1ад-т1ад вуссун, дица сайгъаталъул бициндал, гьелъ жиндие Расулил т1ехь бач1айин гьаранин. Г1урус мац1алде буссинабураб Расулил т1ехьги щвеч1ого, жив гьесухъе анин. Расулиде жиндирго мурад бициндал, гьес чачанасухъе кьун буго лъабго т1ехь. Дой г1урусалъул ц1арги ц1ехон, гьезул цоялда гьес хъвай -хъвайги гьабун буго. Т1ахьазул багьа ц1ехедал Расулица абула: **«Бихьинчиясул ях1-намусалъул багьа бук1унаро, х1укуматалъул кагъатги г1емер буго. Жакъа мун дир гьобол ккола, дида цадахъ кваназе вач1инарищ», -**ан. Гьединги гьес нечезавурав дица квандаса инкар гьабунилан ва рукъобе хазабунилан.

Чачанавго г1адинав гьудул, Мах1ачхъалаялда яшав гьабун вугев Набигула Г1амирхановас бицана: **«Дун х1алт1улев вук1ана инженер –строительлъун. Цо къоялъ начальникас дида абуна, лъабго х1ал-т1ухъанги вачун, Расул Х1амзатовасул рукъове айилан. Ниж гьенире ана ва Расулие бокьун бугоан цо гьит1инабго бак1 мина-свериялда базе. Гьеб базе санаг1атаб бак1 дица бищун хадуб, Расулица абунин жинцаги гьеб бак1 бищун бук1анин ва к1иясулго пикру дандеккеялдаса ц1акъ воханин»**, -ан.

Гьениб х1алт1и гьабулаго, т1аде яч1уна Расулил лъади Пат1имат ва гьей рази йик1унаро гьеб бак1 т1аса бищиялда. Гьаб нижеца, Расулгун дандги бан, гьабулеб х1алт1иялде гьоркьое мун лъугьунгейин, дуда т1адаб кухнялъул х1алт1и бугилан абун буго гьелда Набигулаца ва гьей нахъе ун йиго.

Хадусеб къоялъ Расул вач1ун вуго Набигула х1алт1улелъуве. Гьес абун буго: **«Дун вач1ана дир Пат1иматида т1адехун рехсарал раг1аби абурав «бах1арчиясул» квер бачине ва гьесие баркала кьезе»**, -ян. Гьесул рек1ее г1ун бугоан бихьиназул ишалде гьоркьое лъугьин лъик1аб гьеч1илан дица Пат1иматие кьураб бич1ч1ен. Гьелдего бач1араб лъугьа-бахъин ккун буго Расулил доба хадусанги. Гьабизесеб х1алт1ул, гьелъухъ ккoлеб мухьалъул биценги гьабун, Расул х1алт1уде уна. Т1адеги яч1ун, Пат1иматица г1олохъабазда къот1и-къаялъул ц1ех-рех гьабула ва гьелда жий рази гьеч1илан абула. Гьеб абураб мухь рек1ее г1еч1ел г1олилал нахъе унел рук1уна ва гьел Расулгун къот1нор дандч1вала. Ккара-тараб гьез бициндал, Расулица абула: **«Дица бицараб дихьаги, долъ кьураб долъухъаги босун, х1алт1и гьабе»**, -ян. Гьел лъугьа-бахъиназ бихьизабула Расул кьураб раг1ул бет1ергьанчилъун кидаго вук1унев вук1араблъи.

Цо мажлисалдаса къват1ире лъугьунел рук1уна Ч1ик1аса Саг1ид-афандиги Расулги. (жидер мунагьал чураял). Саг1ид –афандица Расул цеве виччалев вук1уна, амма, гьевги цеве виччан, Расулица абула: **«Ниж цере лъугьун рук1араб заманалда ккаралъул х1асил дуда бихьана, щиб лъалеб, гьанже нуж цере лъугьиндал лъик1аб ккезеги бегьула»**,-ян.

Расулил г1умруялда ккарал бат1и-бат1иял лъугьа-бахъиназул т1убараб т1ехь хъвазе бегьула. Г1урусас абухъего, раг1иялда хадув чвантиниве ваккулев чи гьев вук1инч1о, киналъего гьесул х1адурараб жавабги бук1унаан. Рит1ухъаб, бег1ераб, гъваридаб, кьокъаб, амма к1удияб маг1наялъул раг1ул ва бег1ераб кьалмил устар вук1ана Расул.

## Ч1ег1ер бай, Дагъистан, ч1ег1ербай, муг1рул

Ч1ег1ербай, Дагъистан, ч1ег1ер бай, муг1рул,
Сванин меседил ц1ва нужер каранда.
ЧIег1ер бай дуцаги, г1агараб Каспий,
Танин мун шаг1ирас лъик1го бук1аян.
Лъица нуж, дос г1адин, коч1олъ рехселел,
Лъица нуж, дос г1адин, к1одо гьарилел.
К1удияб дунялгун нуж ращад гьарун,
Рук1анин дос нужей шиг1раби хъвалел.
Щив чи вук1аниги, к1вар гьеч1о хвалий,
Чин-ц1ар гьикъич1ого, босула гьелъ рух1.
РухI босун Расулги къанабакь вукъун,
Бакъ щун, гвангъиладай хундерил т1алъи.
Т1олел маг1ил г1орал къинадай Ц1ада,
Дов ц1ар арав шаг1ир ракьалдаги лъун.
Ракьалда лъуниги, вокьулев шаг1ир,
Вук1ина мун ч1аго шиг1рабалъ даим.
Г1асрабаз ах1ила дур **«Къункъраби»** кеч1,
Къваридал рак1азе асар гьабулеб
Арав дуда хадуб халкъ г1одилаго,
Хварал дуда данде рахъун ратила.
Мунгийищ, дир дарман, вач1аравилан,
Эбел дур гарбида хурхун ятила.
Инсуца, щваравищ, дир вас Расулин,
Бот1рода тамахаб квер лъун батила.
Жемун дуда къвал бан, Пат1иматица,
Дур бадий балагьун, гьикъун батила,
Жинда хадур г1одун, маг1у бакъвач1ел,
Ясал кинин, Расул, дуца таралин.
Къвалакь т1амурги ккун, г1унт1ун ватила
Г1адалъ гулла щварав Хъах1абросулъев.
Гьес дуе салам кьун, дур кверги босун,
Расул, баркалайин абун батила.
Жинца бекьун тараб рокьул хуриса,
Бач1ин бак1аризе цо дуда к1ванин.
Кавказалда т1ок1ав мун г1адав шаг1ир
Вахъин щакаб бугин г1агарал соназ.
Г1умру х1алхьи гьеч1еб т1амуна дуца,
Дунял - г1аламалъул ургъелги гьабун.
Гьанже х1алхьиялда кьижа мун, Расул,
Кьунин Бичас дуй хвел хирияб моц1алъ.

Халкъалъ, гьанив г1адин, к1одоги гьавун,
Халикъас кьеги дуй Фирдаус Алжан.
Ана, гьеч1о Расул - сахаватав вас,
Воре маг1арулал, ц1уне дов рек1елъ!

**Ниязбег АЛМАХЪСКИЙ**

# Нек1сияб «росу» батана



Дагъистаналъул тарихалъул т1ехьалда жеги г1емерал **«хъах1ал»** т1анчал руго. Гьел дагьлъизариялда т1ад, к1вах1 тун, х1алт1улел руго г1алимзаби, г1агараб ракьалъул тарих лъазабизе бокьарал ва гьелде гъира – шавкъ бугел мухъилал г1адамал.

Нилъер тарихалъулъ г1емер руго рак1алдаго рук1инч1ел ц1иял рагьиял. Гьезул цояблъун буго Хубар ва Ц1обокь росабазда гьоркьоб батараб нек1сияб росу бук1араб бак1ги. Гьелда **«Г1инц1и бак1»**, - ан абула.

Гьенире тира – сверизе арал нижеда (гьал мухъазул автор ва Ц1обокьа М.-х1. Шуг1айпов) ратана цебегосеб заманалда г1адамаз гьениб яшав гьабулеб бук1араблъи тасдикъ гьарулел х1ужаби. Лъик1 хал гьабидал бич1ч1ана гьеб бак1алда шагьар – хъала бук1ун бугин абизецин бегьулеб бук1ин. Щай абуни, гьелъ ккун бук1ун буго 10 гектаралдасаги ц1ик1к1араб ракь.

Гьелъул х1акъикъат нижеца лъазабуна Мах1ачхъалаялъул цо чанго идарабазда х1алт1улезда. Дагьал цераг1ан къояз нилъер районалде рач1ана г1агараб ракь лъазабиялъул г1елмияб г1уц1иялъе нухмалъулесул г1акълучи Багьавдин Х1ажиев, ДГУялъул Бакъбаккул рахъ лъазабиялъул факультеталъул декан Рашид Х1асанов ва археолог Рабадан Мух1амадов. Г1агараб ракь лъазабиялде гъира – шавкъ бугел – К. Керимов, М.-а. Инг1абасов, дун, Р. Мух1амадов, А. Г1алиев, М.-х1. Шуг1айпов ва Т. Мух1амадов, т1адехун рехсаралгун цадахъ, ана Г1иц1ире ва к1иго къоялъ нижеца хал гьабуна гьеб бак1алъул. Нижеда гьениб



батана нахъо (х-11м., г1 – 4 м. ва б. – 4,5 м.), цересел рукъзазул рук1арал кьуч1алгун ч1ваднал.

Нохъоялъур ва г1агарда бугеб кьурда ругоан нек1сиял г1адамаз рахъарал суратал. Г1алимзабазул раг1абазда рекъон, гьел суратал рахъун руго 5000 сон цебеккун. Гьеб бак1алъул х1акъалъулъ гьабураб хъвай – хъвайги кибниги гьеч1о.

Рак1алде ккола, гьеб бак1алда ц1ех – рехалъул х1алт1аби гьаруни, нилъер тарихалъул «хъах1ал» т1анчазул цояб нахъехун бегилилан.

**М.-а. ДАДАЕВ, г1агараб ракьалъул тарих лъазабулев, Дилим росу.**

*Ишахиса лъим*

# Трубаби щвезарулел руго

25 августалдаса байбихьун, Дилималдаса **«Мич1ч1ил к1к1ал»** участокалде (Ишахиса лъим бачиналъе) трубаби щвезарулел руго.

Жиндирго автомашиналъ трубаби раччулел руго Хасавюрталда яшав гьабун вугев Буртунаялдаса Мух1амад Будайчиевас.

Трубаби машиналда лъезе кумек гьабулеб буго Дилим росдал **«Казбекалъул г1олилал»** г1уц1иялъул г1олилаз (нухмалъулев – А. Иманшапиев).



Бак1алда машиналда т1аса трубаби рахъулел руго Буртунай росулъа г1олохъабаз. Лъел бет1ералде, г1емер кват1ич1ого, гьел щвезаризелъеги тадбирал гьарулел руго. Гьезда т1ад х1алт1улев вуго Алмахъ росдал администрациялъул бет1ер М. Салгереев.

Трубаби лъеялъе ракь бухьизе экскаваторалъе х1ажалъана хасаб ковш. Гьеб 90 азарго гьур. босана.

Лъел бет1ералда гьарулел сваркаялъулал х1алт1аби Гьозтала росулъа махщелчаг1аз раг1алде рахъинаруна.

**Оргкомитет.**

**Дин ва гlумру**

# Хварав чи чуриялъул баян

*(Байбихьи 29, 32 номералда)*

Хварав чи чурулаго ният гьабизе тlалъулареб гlадин таяммум гьабулагоги тlалъуларо. Гьабулеб бугонани ният гьадин гьабила: "Дица ният гьабуна гьав хварав чиясул фариззаяб чуриялъул бакlалда таяммум гьабизе". Гьел цоял цояз чуризе бегьунгутlиялда ва хlарамлъиялда балагьичlого чурани гьел хlакъикье ккола ва гьезул гьеб чуриги рикlкlуна.

Хварав чиясда асклор цохlо руччаби гурони гьечlеб мехалъ гьез бан жаназаялъул как тlаса ккола. Таяммумги гьабун мусруги жемун ва какги бан хадув вукъилалде гьев чуризе бегьулев чи тlаде вачlанани чуризе ва цlидасан как базе тlалъула. Гьедин вукъун вугонани чуризеялъе гlоло вахъизе тlалъуларо. Чуризеги чуричlого таяммумги гьабичlого вукъун ватанани гьесул цlакъго махl хисулеб гlанасеб заман ун батичlонани хабалъан вахъизеги вахъун чуризе тlалъула. Хвараб къаркъалаялда тlад какалъе бегьулареб хъублъи бугони гьебги чурун тlасан инабун гурони таяммум гьабизеги бегьуларо.

Хварав бусурманав бихьинчиясда асклор кафурав бихьинчиги бусурманай чlужугlаданги гурони ратичlони кафурчияс чурила ва гьей чlужугlаданалъ гьесда тlад жаназаялъул какги бала. Хвараб гьитlинаб анлъго соналде бахинчlеб лъимер вас вугониги яс йигониги бихьинчиясеги чlужугlаданалъеги гьеб чуризе бегьула.

**Хварав чи чуризе бищун мустахlикъал чагlи**

Хварав бихьинчи чуризе бищун рекъарал гьесул ирс босулел гlагарлъиялъул бихьинал руго бищун гlагарасдасан байбихьун гьаб хадуб рехсараб тартибалда: эмен, хадув инсул эмен, кигlан тlадехун аниги, цинги вас, васасул вас кигlан гьоркьехун аниги, цинги эбел-эмен цадахъав вац, цинги эмен цадахъав вац, цинги эбел-эмен цадахъав вацасул вас, цинги эмен цадахъав вацасул вас, цинги инсул эбел-эмен цадахъав вац ва гьедин ирс босулел гlагарлъиялъул бихьинал ирсалъул тартибалда.

Цинги ирс босуларел гlагарлъиялъул бихьинал, бищун гlагарасдасан байбихьун. Цинги гlагарлъиялдасан гьечlел чияр бихьинал, цинги хварасул чlужу, цинги махlрамиял руччаби. Цо даражаялда ругел кlиго яги цlикlкlун данделъанани гьеб мехалъ соназулъ цlикlкlарав ва кlудияб мунагь гьабуларев, гlадилав цеве гьавула.

Хварай чlужугlадан чуриялъе бищун рекъарал гьелъул гlагарлъиялъул руччаби руго махlрамиял ругониги, гьечlониги. Гlагарал руччабазулги бищун гьей чуризе рекъарай ва цее гьаюлей махlрамиязда жанисан бищун гlагарай чlужугlадан йиго. Махlрамияй чlужугlадан ятичlони махlрамиял гурел гlагарал руччабаз чурила гlагаралдасан гlагарай цее гьаюн, цинги чияр руччаби, цинги гьелъул рос, цинги гьелъул махlрамиял бихьинал. Гьал бихьиназулги руччабазулги хварал чуриялъе бицараб тартиб буго киназего чуризе бокьун къец кканани цlунизе кколеб жо. Кlиго яги цlикlкlун чиясул киналго рахъаздасан даража бащалъани гьезда гьоркьоб мужуру тlамила.

Хварав чи лъималъ чуризе бегьулеб хlалалда ватичlони цlаялъ вухlун вукlун яги халатаб заманаялъ кодов щвечlого черх турун букlун чурулаго цониги лага биххизе, батlалъизе бегьулеб хlалалда, гьеб мехалъ ракьалдалъун таяммум гьабизе тlалъула. Ниятги гьабила "Дица ният гьабуна гьав хварав чиясул фариззаяб чуриялъул бакlалда таяммум гьабизе" абун. Хварав чи хlаж бухьарав вугони яги хlаж бухьарай чlужугlадан йигони гьезда махl берцинаб жо гъвазабиларо ва гьезул малъ рас тlасан инабиларо. Хlаж бухьун гьечlезулги малъал расал къунцlиларо. Имам Нававияс гьеб карагьатаблъун рикlкlун буго.

**Хварав чиясда мусру жемиялъул баян**

Чурун лъугlидал хварав чиясда мусру бала гьесие чlаго вугеб мехалъ ретlизе бегьулеб жоялдалъун. Бихьинчиясе дараялъул мусру бегьуларо, чlужугlаданалъе бегьула. Мусруялъул бищун дагьаб тlалъулеб жо цо хам яги цо ретlел буго жинца гьесул тlубараб черх бахчулеб. Бихьинчиясе хирияб буго лъабго хамалдалъун мусру базе, гурдеги чалмаги цlикlкlизабун щуго гlеза- бизеги бегьула. Чlужугlаданалъе хирияб буго щуго жоялдалъун мусру базе, гьелдасан цlикlкlинабизе карагьатаб буго.

Бихьинчиясда лъабго жоялалдалъун мусру балеб бугони лъабго цоцада халалъиги гlеблъиги бащадаб хамалдалъун бала, щибаб хам гьесул тlубараб черх бахчулеб гlанасеб букlина ва хlаж бухьарав ватичlони кинабго черх бахчуледухъ жемила. Хlаж бухьарав ватани гьесул бетlер цебе тезе тlалъула, чlужугlадан йигони гьелъул гьумер цебе тезе тlалъула.

Бихьинчиясда щуго жоялдалъун мусру базе бокьани гьеб лъабабго хамалъул хъалалда гъоркь гурдеги ретlизабила бетlералда чалмаги къала яги такъия лъела. Хlаж бухьарав ватани гьесда букъараб жо ретlизабиларо. Чlужугlаданалда щугоялдалъун мусру базе бокьани тlоцебе изар жемила, яги тlажу ретlизабила, изарги ккола черх бакьулъан гьоркьехун хlатlазул ахаде щоледухъ жемулеб хам. Гьелда тlад халатаб гурде ретlизабила, цинги чохтlо, ай, кlаз бухьила ва гьеб лъабалдаго тlад кlиго хамил хъалги жемила. Гьаб къагlидаялда мусру бана жинда Аллагьасул ссалат сапам лъеяв хирияв Аварагасги абун гьесул яс Уммукульсумида, жинда Аллагь разилъаяй. Бихьиназулги руччабазулги мусру хъахlаб букlине суннатаб буго. Багlарабги тlогьилабги мусру карагьатаб буго чlужугlаданалъецин, гьелъие гьеб кьер чlаго йигей мехалъ карагьатаб гьечlониги.

Мусру ва гьеб гуребги хварав чи вукъиялъе кколеб расход хварасул нахъе тараб боцlиялдасан босила. Гьесул нахъе тараб щибго жо батичlони, гьесие нафакъа кьезе тlалъулел гьесул умумуздасан ва лъималаздасан байбихьун гlагарлъиялда тlалъула гьесие мусру ва гьесда хадуб гьабизе тlалъулеб ункъабго фарзул кифаят тlубазабулаго кколел расходал. Гьесул гlагарлъиялъул чиги ватичlони байтул малалдасан кьела. Байтул мал гьечlеб заман бугони рес бугел бусурбабазда тlалъула гьев вукъулаго гьаризе тlалъулел расходал.

Хварай чlужугlадан йигони ва гьелъул жинда гьелъие нафакъа тlалъулев росги вугони, гьей чуриялъе, мусру баялъе ва гьей хабалъ юкъиялъеги кколел расходал гьаризе гьев росасда тlадаб буго. Росасда чlужуялъе мусруялъул тlадаблъун бихьизабулеб жо тlубан черх бахчулеб цо хам гурони гьечlо, живго льикlав лъугьун камилаб хlалалъул мусру гьес гьабуни лъикlабги буго. Росасда гьеб кинабго жо тlалъула гьесул хварай чlужу ражгlияй (ай, цо яги кlиго цlар тlамурай ва жиндир гlиддаги лъугlинчlей) йикlун ятаниги, яги къинай баинияй (ай, ражгlияй йикlун гlидда льугlун ятlалъарай, яги лъабабго цlар тlамун яги хулгl, фасх гьабун ятlалъарай) йикlун ятаниги ва гьелъул нахъе тараб боцlи бугониги.

*Гъодобериса Ах1мад Г1исаевасул Иршадуль г1авам (1 бут1а, 444 гьум.)*

*(Хадусеб бук1ине буго)*

## Объявление

Утерянный аттестат Б №271239 о полном среднем образовании, выданный Ленинаульской средней школой №1 в 1993 году на имя **Якубовой Лайлы Жамалдиновны,** считать недействительным.

## Анкьил гьава – бакъ

**(2 - 8 сентябрь)**



| | |
|---|---|
| **1. Итни** | (+14, бакъ) |
| **2. Талат** | (+23, ц1ад) |
| **3. Арбаг1** | (+15, ц1ад) |
| **4. Хамиз** | (+25, бакъ) |
| **5. Рузман** | (+23, ц1ад) |
| **6. Шамат** | (+26, бакъ) |
| **7. Гьат1ан** | (+24, бакъ) |

------------------------------------

*29 августалда*:



| | |
|---|---|
| **Доллар** | - 66.67 коп. |
| **Евро** | – 73.79 коп. |

## Ахирият харбал

Дагъистаналъул прокуратураялъ къватlичlвазаруна 200 чиясде гlагарун гьересиял пенсионералгун инвалидал. Гьедин лъазабулеб буго **«Дагъистан»** информациялъул агентствоялъ.

--------------------------------------------------

Саратовалда, вертолет бортиялъул х1асилалда, цо чи хвана.

--------------------------------------------------

Чечняялъул бетlер Р. Кадыровас имам Шамилил хlакъалъулъ абурал рагlабазда хурхун, Дагъистаналъул тарихалъулгун географиялъул обществоялъул председатель З.Хlажиевас, Рамзанил суалаллъун ккарал рагlабазе, жавабал кьуна.

--------------------------------------------------

Таиландалда ватана, документазда рекъон, 128 сон барав чи.

--------------------------------------------------

Леваши районалдаса хlакимас, гьересияб паспортги гьабун,34 сон гlумруялъул соназдеги журан, жиндиего пенсия гьабизабун буго. Гьелъул хlасилалда, гьес хlукумат гуккула 155 азарго гъурщие.

--------------------------------------------------

Ростовалда **«Банда амазонок»** абураб къокъаялъул бет1ерлъуда йик1арай Инесса Гарвердиева 21 соналъ туснахъ гьайизе х1укму къот1ана.

Районалъул Централиябгун Ленинаул росдал участковияб больницабазул, росабазул ФАПазулгун ФПЯзул х1алт1ухъабаз, гьудул – гьалмагълъиялъ, гъваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго Капият Гьит1иновалда ва г1ага – божаразда, - вас

**Мурад**

г1олохъанго г1умруялдаса ват1алъиялда бан.
Аллагьас гьесие Алжан насиб гьабеги.

Бетlерав редактор: Мухтар Гlалиевич Чупалаев тел: 55-48-94
Жавабияв секретарь: Мухlамад-Шарип Гlабдулашимов тел: 55-48-95

Мухбирзаби: Хlалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Асият Дибирова
Фотомухбир: Насрудин Абужанатов

Набор: Меседо Хlайбаева
Верстка: Марьям Атавхlажиева, Зайнаб Гlабдулмуслимова.
Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42

Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00. Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.

Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
Индекс: 51354
Заказ №290 Тираж 1100
Багьа - 8 гъур.

Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290

Макъалабазда рехсарал хlужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола